Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 30 (7479)
24 Июнь
Хамиз
2021 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## РакI бакъваялъулгун къварилъиялъул Къо

Россиялда гIадатлъун лъугьун буго 22 июнь ракI бакъваялъулгун къварилъиялъул Къолъун гьаби. 80 соналъ цебе гьеб къоялъ цебеккун лъазеги гьабичIого Советияб Союзалде тIаде кIанцIана нацистазулаб Германия ва гьелгун цолъарал. Байбихьана чияр ракьал кколез ккурал ракьал эркен гьариялъул рахъалъ кIвар цIикIкIараб КIудияб ВатIанияб рагъ (I94I-I945 сс)

Фашистазулаб Германия Совет Союзалде тIаде кIанцIана балъго, дунялалде рогьел рехулеб гIужалда, I94I соналъул 22 июналда. Гьелъул авиациялъ чIахIиял кьабиял щвезаруна аэродромазда, маххул нухазда, рагъулгун ралъдал базабазда, жанир войскаби ругел территориязда, 250-300 километралъ пачалихъалда жаниреги рачIун.

БачIинахъего Германиялъ жидедаго аскIоре цIана гIемерал Европаялъулал улкаби, Совет халкъалъ жинцаго тIаде къабул гьабуна бицун хIал кIолареб къуватаялъул кьаби. Германиялда цадахъ СССРалде данде рахъана Румыния, Италия, чанго къойидасан, ай августалда гьелгун цолъана Словакия, Финляндия, Венгрия, августалъул бакьулъ данде бахъана Норвегияги. Совет халкъалъ тушманасде дандечIей гьабуна кутакалда цолъун, хвалде ун цIунана инсул ракь.

ЗахIматал, бидул гIорал тIурал рагъал халат рахъана I4I8 сордо-къоялъ, гьеб лъугIана I945 соналъул 9 маялда, тIолалго улкабазул фашистазулаб къуватги биххизабун. ГIаммаб гIадамазул тIаса ин бахана 26,6 миллион чиясде. Гьезул 8,7 млн. гIадамал чIвана рагъул авлахъазда, 7,42 млн. чи ургъунго нацистаз чIвана жидецаго рахъарал территориязда. 4,I млн. хвана акупационнияб режималъул цIакъго захIматал шартIазда, 5,27 млн. хъамуна Германиялде каторжниял хIалтIаби гьаризе. Гьезул ВатIаналде тIад руссана бащадалдаса цIикIкIарал гIадамал – 2,65 млн. чи, эмигрировать гьаруна 450 азаргоялдаса цIикIкIун чи, 2,I6 млн. чи хвана асирлъуда.

Нилъер улкаялъе гьеб буго цIакъго балагьаб къо, гьел къоязда гьаруларо кинал рукIаниги байрамал, гIодоре риччала байрахъал ва тIоритIула пашманал, гьел ракIалде щвеялъул тадбирал.

## ЦIиял объектал ралел бакIазда



Ахирияб заманалда районалда унел руго батIи-батIиял пачалихъиял программабазда рекъон объектал рай. Гьелъул ин кинабго рахъалъ буго районалъул администрациялъул специалистазул бербалагьиялда гъоркь. Муниципалитеталда бакIал раялъул бугеб хIалалъул хIакъалъулъ бицана «УСЭЗиЖКХялъул» МБУялъул начальник АхIмад ГIабдухаликъовас ва администрациялъул бетIерав архитектор ХIажимурад ГIабдурахIмановас.

Гьал къоязда бакIазде ун хIалтIул бугеб хIалалъул хал гьабуна администрациялъул специалистаз, балагьана Унсоколо росулъ гьабулеб парковияб зонаялъухъ, ГьаракIуни росдал школалде нух бахъиялъухъ ва Майданское росулъ гьабураб рахараб къагIидаялъул ихxал унел лотоказухъ. Гьениб хал гьабулаго рихьизаруна росдае гьекъезе лъим бачIунеб бакIалъе иххаз гьабураб зарал. Гьекъолеб лъее лъун буго 500 м3 бугеб ёмкость. ГIашилтIа гьоркьохъеб школалдаги хасало школа хинлъизабиялъе гIезегIанго хIалтIаби гьаруна.

## Пашманлъиялъул тадбир



22 июналда райадминистрациялъул азбаралда букIана пашманлъиялъул Къоялда хурхараб тадбир. Дунялалда тIад бищунго гIемерав чи чIвараб рагъул захIматаб гьумер цебечIезабиялъул мурадалда тIобитIулеб гьеб рагьана культураялъул отделалъзул нач. ГI. ГIабдулаевас. Гьес бихьизабуна: «Нилъер тарихалда КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьараб къо бищунго кIудияб балагьалъул къолъун кколилан. Гьеб рагъуца нилъеда бихьизабуна кигIан загIипаб бугеб гIумрояли. Гьединлъидал кинабго кIочон цIунизе ккола рекъел. Рагъда чIваразе нилъеца къулула бетIер. Биччанте гьединаб къо нилъеда хадубккун бихьунгутIизе».

Данделъиялда гьединго кIалъана бетIерасул зам. ГI-М. МухIамадов. Гьес бихьизабуна 22 июнь календаралда хасаб къо бугин. Гьелъ ракIалде щвезарулин ВатIаналде рачIарал гIассиял къоял, ракъиги-къварилъиги. Гьелъие гIоло рухI кьурал нилъеда кIочене кинго бегьиларин.

КIалъазе вахъана районалъул рагъулав комиссар Р. Рамазановги. Гьесги бихьизабуна районалда цониги рагъул ветеран хутIун гьечIин. Гьел ракIалдаса ин нилъее ничаб жолъун ккезе ккολин.

Гьенибго Унсоколо № I школалъул цIалдохъабаз пашманаб тадбиралда гIахьаллъзаразе цIалана рагъул темаялда кучIдул. ГI. ГIабдулаевас гьезие кьуна Грамотаби.

Гьенибго КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазе гьабураб памятникалда цере лъуна тIугьдул.

Срочно в номер

## С. Меликов: ситуация с коронавирусом в Дагестане становится угрожающей

21 июня Врио Главы РД Сергей Меликов провел ВКС-совещание, где обсуждены вопросы, касающиеся противодействия коронавирусной инфекции на территории региона. Выступая перед собравшимися, руководитель региона отметил, что сложилась непростая ситуация во всех регионах России. Отметим, что в некоторых регионах уже введены более жесткие ограничительные меры, куда входит и обязательная вакцинация.

Это связано с тем, что вирус мутирует и развивается более агрессивно в отношении здоровья людей. Также озвучено, что зарубежные штаммы сегодня распространяются по территории страны и приводят к тяжелым формам течения болезни. В Дагестане тоже выявлены такие случаи. Кроме того, в Дагестане наблюдается рост числа больных коронавирусом.

В этой связи глава региона вновь акцентировал внимание на вакцинации как способе противостоять COVID-19. При этом руководитель субъекта отметил, что опытным путем доказано, что люди, которые имеют иммунитет за счет вакцины, переносят заболевание в более легкой форме и не являются интенсивными распространителями болезни в отличие от тех, кто не привился.

**Ахихъан**
Районалъул газета
№30 (7479)
Хамиз
24 июнь 2021 сон



БачІунеб ункъго пиша, чорхолъ гьечІев чиясул,
ТІубай камиллъи гьечІо, гьесул бугеб диналъул.
Цо – чияр жоялдаса хьул къотІаравлъун вукІин,
Цоги жинде хьамуни, вуцІун чІей, сабру гьабун.
Цинги жийдий бокьичІеб чиясе гьабунгутІи,
Цогиги Халикъасул къотІабазда божун чІей.

*(Инхоса Г1алих1ажияв)*

Малъа-хъвай: гІелмабазул кьучІал

# БитІараб нух тІаса бище

Советиял школазда, цІалул заведениязда хІалтІулел рукІаразда лъикІ лъала гІолохъанаб гІелалъе атеистияб тарбия кьеялде коммунист партиялъ кинаб кІвар буссинабун букІарабали. Школалде щварав райкомалъул идеологияб хІалтІул вакиласги Халкъияб лъай кьеялъул отделалъул инспекторасги тІоцебесеб иргаялда хал гьабулаан школалъул цІалулгун тарбия кьеялда хурхараб бутІаялда ва гьеб темаялда школалдаги росулъги берзулаб агитация кин гІуцІун бугебали.

АнцІ-анцІ саназ тІад чІун гьабураб гьеб хІалтІуца кьурал хІасилал ва рикІкІен гІемерал гІузраби цадахъго цере рехун рачІана улкаялда жамгІиябгун политикияб ва экономикияб гІуцІи хисарабго. БитІахъе, сах гьабизе кІолареб унтул вирусалъ гІадин, кванан батана гьелъ инсанасул рухІияб рахъ. «Коммунизмалде – церехун» абураб ахІиялда гъоркь церекъотІун унел рукІарал нилъ, кьурун тІадги руссинарун, унеб нухги лъалареб, щвезе кколеб бакІги бихьулареб хІалалъ, жидерго гьурмазда маскабиги хисун, долго бутІруз рачунел ругелдасаги гІемерал санал сверана. Ай, цІигьабун гІуцІи байбихьарал саназ гьарурал лъимал балугълъиялде рахана.

РакІалде ккезе бегьилаан эркенго дин гьабизе ихтияр щваралдаса школазда лъималазе атеистияб тарбия гъорлъ гьечІеб лъай щолеб батилин.

ХІакъикъатадаги иш батІияса буго. Тарихалъул ва гуманитариял гІелмабазул тІахьазда хиса-басиял гьарун ратаниги, тІабигІаталъулхІакъалъулъ тІахьазда щибго хиса-баси гьабун гьечІо, гьадабго «Эволюциялъул теорияги» дарвинизмаги малъулеб буго. Масала, анлъабилел-анкьабилел классазе бугеб биологиялъул тІехь рагьарабго гьадин хъван батула: «Дунялалда гІумроги, рухІчІаголъабиги, хурдулги рижи ва цебетІей диналъ тІубанго батІи-батІияб къагІидаялъ бихьизабула. Диналда божулел гІадамаз рикІкІуна нилъер планетаги, ракьалда бугеб кинабго чІагоябщинаб жоги, рухІчІаголъабиги, хурдулги Аллагьас рижанилан. Киналго гІелмиял цІех-рехаз бихьизабула дунялалъул баяналъул лъавукълъи»,-ян.

Хадубги хъван буго: «…ТІоцересел рухІчІаголъаби лъадалъ лъугьана 2,5-3 миллиард соналъ цебе. Доб заманалда тІоцебесеб океаналъул лъадалъ цІакъго цІикІкІараб къадаралда рукІана батІи-батІиял органикиял ва минералиял веществаби. Гьездасан лъугьана тІоцересел чІаголъиялъул формаби… ГІемерал миллионал соназул болжалалда гьел камиллъула ва церетІола. ГІага-шагарго I,5-2 миллиард соназдасан гьез байбихьи кьуна цо клеткабазул организмазе. РухІчаголъабаз квание пайда босулаан океаналъул лъадалъ рижарал минералиял ва органикиял жалаздаса.

Дагь-дагькун океаналъул лъадалъ дагьлъизе байбихьана квен. Клеткабазда гъоркьоб байбихьана гьелъие гІоло къеркьей. Гьединал шартІазда цо-цо клеткабазулъ лъугьана гІурччинаб пигмент хлорофилл ва гьел (клеткаби) ругьунлъана бакъул энергиялдалъун лъимги углекисный газги кваниде руссинаризе».

Гьединаб хІалалъ, щибго хис-бас гьабичІого, тІаде баянал кьечІого тІабигІиял гІелмаби малъулел ругони, гІолохъанаб гІел Аллагьасда божуларел долго атеистал лъугьиналда щаклъи гьечІо. Жив кигІан ракІ бусурбанав вугониги, биологиялъул учитель купруялде ккезе бегьула. Гьесул ихтияр букІунаро живго лъикІав лъугьун цІалул тІехьги программаги хисизабизе. Амма гьесул рес буго материалияб философиялда гІелмуялда лъалел рикІкІен гІемерал хІужабаз гьадин чІезабулин баян кьезе. Жакъа къоялде рагьарал ва жеги рагьулел ругел гІелмиял балъголъабазул хІакъалъулъ гьанжеялдаса I400 соналъ цебе Къуръаналдагьадинбицунбугиланмисалалги рачун бичІчІизабизе. Гьединго пайда босизе



бегьула гьанже гьарзаго бичулеб бугеб, гІелмиял кьучІазда хъвараб литератураялдаса ва видеокассетабаздаса. Школалда малъулеб бугеб тІабигІат-гІелмуялъул темабазе газеталъул гьурмаздасан къимат кьезе рес гьечІониги, чара гьечІого хІажат буго материалияб теориялъул кьучІ гьечІолъи ва гьелъул зарал дагьабниги бичІчІиялъул мурадалда цо чанго суалалда тІадчІей гьабизе.

Цебехун бихьизабухъе, материалистазул теориялда рекъон жибго жиндасанго лъугьанилан абулеб клетка ккола кинабго чІагоябщинаб жоялъул аслу. Микроскопалда гъоркь чанго нухалъ кІодо гьабун гурони жиб бихьулареб клетка, гІуцІиялъул рахъалъ цІакъго камилаб ва хІикматаб жо буго, жинда жаниб гІумро гьабиялъе киналго шартІал ругеб, жиндирго энергия гьабизе «электростанцияги» бугеб, гІумроялъе чара гьечІого хІажатал ферментал ва гормонал гьаризе «фабрикабиги» ругеб, жинца гьабизе кколеб продукциялъе информацияги жаниб бугеб ва цогидаб гІумроялъе хІажатабщинабги бугеб кІудияб шагьаралда.

Бищунго кІудияб хІикмат ккола клеткаялъул рекІеда (ядроялда) жаниб дугеб ДНКялъул генабазда инсанасул ва кинабго чІагоябщинаб жоялъул хІакъалъулъ баян хъван букІин. Гьелда бихьизабулеб буго рухІчІаголъиялъ балеб гІумру, чорхол роцен, ирсалъе щвезе бегьулел унтаби ва рас-тІомалъул, берзул кьералде гІунтІун цогидабги гІемераб баян. ГІакълу бугев, пикру гьабулев чи божиларо, гьеб хІикматаб клетка жибго жиндасанго тІабигІаталъул беццал шартІазда лъугьанилан абулеб жоялда. Дунялалъул цІакъго церетІурал лабораториязда аза-азар гІалимчи тІад хІалтІаниги клетка гьабизе кІун гьечІо. ГІалимзаби мукІурлъулел руго клетка гьабизеяли киса гурин кІолеб, жиндасан клетка данделъараб белокалъул молекулцин гьабизе кІунгутІиялъе.

Эволюциялъул (рухІчІаголъи цоцаздаса лъугьинин абулеб теория) рахъкколез мугъчІвай гьабула Геккелица ургъараб «Биологияб законалда». Хадурккун гІалимзабаз гьарурал хал гьарияз ва цІех-рехаз чІезабун буго гьеб мекъияб, кьучІ гьечІеб теория букІин, Геккелица суратги жиндаго ракІалде ккараб куцалъ бахъун букІин. Теория гьересияб букІиналъе араб гІасруялъул къоабилел саназдаго мукІурлъун вуго живго Геккелги гьесул рахъ ккуралги.

50-абилел соназда гьеб теория къватІисел пачалихъазда цІалул тІахьаздаса нахъе бахъунги буго. Гьединбугониги,Советиялшколазда ва ВУЗазда гьеб малъулеб букІана, щайгурелъул гьеб букІиндал коммунистияб идеологиялъул кьучІлъун, атеизмаялъул рухІалда тарбия кьезе гьелъул кІудияб кІвар букІун. Пашманлъизе ккараб жо буго жакъа къоялдаги нилъер школазда ва ВУЗазда гьеб малъулеб букІин.

РухІчІаголъабазул тайпаби цоцаздасан лъугьун ратани, рукІине ккола цо вид цоги видалде сверулаго гьоркьоблъиялда рукІарал рухІчІаголъабазул хутІелал. «Происхождение видов» абураб жиндирго тІехьалда Дарвиница хъван буго «Дир теория битІараб батани, чара гьечІого рукІине ккола тайпаби цоцада рухьинарулел гьоркьохъел формаби. Гьел рукІин бихьизабизе кІола цого-цо ракьулъа рахъулел гьезул хутІелаздалъун»,-ян. Дунялалъул цониги бакІалда архиологазда ратун гьечІо гьединал хутІелел. Бищунго гъваридал ракьул гьатазда гъоркьги ратарал хутІелаз нугІлъи гьабула 520-530 миллион соналъ цебеги рухІчІаголъабазул гьанже гІадаб гІуцІи букІиналъе.

Нилъеда сверухъ бугеб чІагояб ва чІагояб гуреб тІабигІаталъул гІуцІиялъ, гьелъул гьайбатлъиялъ, хІалтІул гІадлу-низамалъ нугІлъи гьабула гьеб кинабго бижарав ва хІалтІизабулев хІалкІолев цо Аллагь вукІиналъе. Материализмалъул теориялъул рахъ кколел тІирун чІола материал кидаго букІараб ва букІине бугеб жо бугилан, ай гьеб Аллагьлъун гьабула. Гьединаб пикруялъ инсан лъугьинавула хІатталдаса ун жиндирго напсалъул гурони ургъел гьечІевлъун. Жиндица гьабуралъул жаваб кьеялдаса хІинкъуларев, сверухъ ругезе ва тІолабго обществалъего хІинкъи цІикІкІарав вукІуна.

Гьанжесеб гІелму жидеца рагьарал, цІар арал гІалимзабазда гьоркьор кІудияб кукъа буго жал Аллагьасда божулел рукІарал ва жидер мурадги рагІа-ракьанде щун ТІадегІанас бижараб жоги гьелъул законалги лъазари букІарал. Дунялалда тІадго машгьурал гІалимзаби Леонардо – да Винчи, Коперник, Кеплер, Кьюве, Линей, Ньютон, Эйнштейн ва гІемерал цогидалги Аллагь вукІиналда божулаан. Эйнштейница абун буго: «Дир гІакълуялъулъ восуларо щулияб божи (иман) гьечІев гІалимчи. Цойги къагІидаялъ абуни, диналъул кьучІ гьечІеб гІелмуялда божизе бегьуларо»,-ян.

**(Ахир 4 гьумералда)**

Ахихъан
Районалъул газета
№ 30 (7479)
Хамиз
24 июнь 2021 сон

3 гьумер

Садовод

Страница в номере




# Протокол
# публичных слушаний по обсуждению проекта решения Собрания депутатов «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Унцукульский район»

Дата проведения публичных слушаний: 23 июня 2021 года.

Публичные слушания назначены решением Собрания депутатов муниципального района «Унцукульский район» от 27 мая 2021 года №75
Время проведения: с 10 часов до 12 часов
Место проведения: поселок Шамилькала, ул. Дахадаева, 3, актовый зал администрации муниципального района «Унцукульский район».
Председатель публичных слушаний - Юсупов М.Б.
Секретарь публичных слушаний - Магомедов Г.Г.

Присутствовали: жители Унцукульского района в количестве 39 человек.

Повестка дня:

1.Рассмотрение проекта решения Собрания депутатов муниципального района «Унцукульский район» «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Унцукульский район».

Слушали: Юсупова Магомеда Башировича - председателя Собрания депутатов муниципального района «Унцукульский район».

В своем выступлении Юсупов отметил, что в целях изучения мнения жителей МР «Унцукульский район» в соответствии с Федеральным законом №131-ФЗ от 06.10.2003 г. «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Уставом муниципального образования «Унцукульский район» , решением Собрания депутатов муниципального района от 27.06.2021 г. №75 были назначены на сегодня публичные слушания по обсуждению проекта решения Собрания депутатов муниципального района «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального района «Унцукульский район».Данный проект решения был опубликован на страницах районной газеты «Садовод» и размещен на официальном сайте администрации муниципального района в сети Интернет.

Обсуждению подлежит в основном одна статья, касающаяся гарантии депутата, то есть депутату представительного органа муниципального образования для осуществления своих полномочий на непостоянной основе гарантируется сохранение места работы (должности) на период, продолжительностьюв совокупности шесть рабочих дней в месяц.

5 мая текущего года вступил в силу Федеральный закон №148-ФЗ от 24 апреля 2021 года «О внесении изменений в отдельные законодательные акты Российской Федерации». До его принятия на федеральном уровне отсутствовало правовое регулирование особенностей осуществления депутатами своих полномочий без отрыва от основной деятельности (на непостоянной основе). Этим законом гарантируется депутату представительного органа муниципального образования для осуществления своих полномочий на непостоянной основе сохранение места работы (должности) на период, продолжительность которого устанавливается Уставом муниципального образования в соответствии с законом субъекта Российской Федерации и не может составлять в совокупности менее двух и более шести рабочих дней в месяц.

Такая гарантия депутатам представительных органов предусмотрена и Законом Республики Дагестан от 10 ноября 2020 года за №71 «О внесении изменений в статью 10 Закона Республики Дагестан «О некоторых вопросах организации местного самоуправления в Республике Дагестан». Кроме этого, указанная норма корреспондируется и с положениями ч. 1 ст. 170 ТК РФ «Работодатель обязан освобождать работника от работы с сохранением за ним места работы (должности) на время исполнения им государственных или общественных обязанностей в случаях, если в соответствии с настоящим Кодексом и иными федеральными законами эти обязанности должны исполняться в рабочее время».

В период подготовки к публичным слушаниям предложений по проекту решения Собрания депутатов не поступили.

Есть предложение одобрить изменения и дополнения, изложенные в проекте решения Собрания депутатов муниципального района.

Выступили:

Гамзатов М., Абдулаев А, Магомедов Ш., Магомедова Х., Магомедалиева А., которые поддержали проект решения Собрания депутатов муниципального района «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Унцукульский район».

Единогласно участниками публичных слушаний принято решение по данному проекту решения Собрания депутатов муниципального района.

Решили:

1.Одобрить проект решения Собрания депутатов муниципального района «Унцукульский район» «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Унцукульский район».

2. Направить протокол проведения публичных слушаний и заключение по нему в Собрание депутатов муниципального района «Унцукульский район» для вынесения на рассмотрение Собрания депутатов муниципального района вопроса о внесении изменений и дополнений в Устав муниципального района «Унцукульский район».

**Председатель М.Юсупов**

**Секретарь Г.Магомедов**

# Заключение
# по результатам публичных слушаний по проекту решения Собрания депутатов муниципального района «Унцукульский район» «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Унцукульский район»

от 23 июня 2021 года

Публичные слушания по проекту решения Собрания депутатов муниципального района «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Унцукульский район» состоялись. Участники публичных слушаний единогласно поддержали и одобрили изменения и дополнения, изложенные в данном проекте решения для последующего внесения в Устав муниципального образования «Унцукульский район».

**Председатель М. Юсупов**
**Секретарь Г. Магомедов**

# Уважаемые иностранные граждане!!!

Доводим до Вашего сведения о том, что для урегулирования правового положения иностранных граждан в



Российской Федерации, путем принятия решения о продлении срока временного пребывания и постановки на учет по месту пребывания иностранных граждан, находящихся на территории Унцукульского района с нарушением установленного порядка пребывания (включая иностранных граждан государств-членов Евразийского экономического союза, прибывших на территорию Российской Федерации с целями въезда, кроме как цель въезда «работа» и осуществляющих трудовую деятельность), можете обратиться в миграционный пункт ОМВД России по Унцукульскому району, находящийся по адресу:

**с. Унцукуль, Унцукульский район, РД, ул. Мусы Балаханского, д.11.**

**Начальник МП ОМВД России по Унцукульскому району Гамзатов Ш.М.**

Малъа-хъвай: гІелмабазул къучІал

# БитІараб нух тІаса бище

Гьанжесеб физикаялъе къучІ лъуразул цояв, цІар арав немцазул гІалимчи Макс Планкица абун буго: «ГІалимчиясул нуцІида хъван букІине ккола: «РакІ чІа Аллагь вукІиналда, Аллагьасда божиялдаса гІалимчияс инкар гьабизе бегьуларо»,-ян.

Коммунистияб идеологиялда рекъон, диалектикияб материализмалъул къучІалда тІад гІуцІараб гуреб гІелму гІелмулъун рикІкІунароан. Аспирантураялде лъугьунагоги ва гІелмиял цІарал щвезе гІологи кьолел экзаменаздаги аслияб букІана материалистияб философиялъул экзамен. Жидер пагьму-гьунарги бугел, гІелмуялда тІад хІалтІизе щулияб къасдги бугел, жидер рекІелъ иманги бугел, Аллагьасде божулезул цо къокъа тІубараб гІумроялъ ракІги кІийиде бикьун, рахІатги хун хутІулаан, ракІалъ къабул гьабураб жо къватІиб загьир гьабизе рес гьечІолъиялъ. Нагагьлъун гьединазул рекІел хІал къватІибе тІатани, гьел хъулухъалъул, яги гІелмуялъул болъодаса эхеде рахине толароан – сундулъго квал-квалал гьарулаан.

ГьабсагІаталда нилъер ВУЗазда ва гІелми ял учреждениязда хІалтІулел гІалимза биги диалектикияб материализмалъул къучІазда гІезарурал ва куцарал руго. Нилъер ВУЗазда цІалулел ругел аза-азар гІолилазул ва гІелмуялде битІараб бербалагьи куцайги, гьел гІалимзабазда бараб буго. Балагьараб мехалъ нилъер гІелмияб интеллигенция кигІанго жидер напсалъе захІмат бугониги, битІараб рахъалде гьетІулеб бугин ккола.

Щибаб хъизаналдаса байбихьун тІолабго улкаялда гІадлу-низам букІинеги, хІаракатаб ва хІалалаб гІумро гьабизеги, метер ахираталда талихІаллъун рукІинеги нилъее бокьун батани, гьелъие буго цо нух – ТІадегІанав Аллагьасдаса хІинкъи щивав чиясулъ кучай. Гьеб хасго бичІчІизе ккола нилъеца бетІерлъуда тун ругел щибаб даражаялъул нухмалъулезда.

БичІчІизе захІматаб жо кколаро, жиндир рекІелъ иманги гьечІев, напсги хъубав нусго чиясда гьоркьоб гІадлу гьабиялдаса, диналдаги божулев, Аллагьасдасаги хІинкъулев азарго чиясе нухмалъи гьабизе гІемерго бигьаяб букІин. Гьединазул щивас жиндицаго гьабула жиндирго напсалъе гІадлу.

**МухІамад ГІалиевасул «ГІадамал, дунялалда лъикІлъи гьабизе гІедегІе!» абураб тІехьалдаса.**

## ГІагарал мацІал цІуниялъе

202І соналда 20 млн, гъурущ гІарац биччан буго регионалияб бюджеталдасан власталъ гІагарал мацІал лъазариялъе ва кквеялъе Дагъистаналда. Араб соналъги гьединабго къадар бюджеталъул букІанин гІагарал мацІал цІуниялъе республикалда,-ян лъазабулеб буго лъай кьеялъул ва гІелмуялъул рахъалъ бакІалъулаб министерствалъ.

Биччараб гІарац ине буго миллиял мацІазул тІахьал росиялъе. Гьел рикьизе руго республикаялъул школазда гьоркьор. «Ахирияб заманалда тІолго дунялалдаго руго гІагараб мацІал тІагІун иналъул захІмалъаби. ГьединлъидаI мацІал цІуниялде киса-кибего цІикІкІараб кІварги кьолеб буго. Гьедин бугелъул бищунго цебе кІвар кьезе ккола щивас рокъоб гІагараб мацІ цІуниялде, лъималазда гаргадизе ккола жидерго мацІалъ, гьеб мехалъ мацІазул захІмалъабигун нилъ дандчІвазе гьечІо»,-ян бихьизабулеб буго регионалияб лъай кьеялъул Министерствалъ.

# Сахлъи ва берцинлъи цІуниялъе

Радал кваназе лъикІаб буго пшеноялъул, геркулесалъул, гречкаялъул бокьарал цогидалги кашал. Кинаб батаниги гьеб белъун букІине ккола гІицІаб лъеда. Кашабаз организм шлаказдаса бацІад гьабула.

Ниха (геркулес) жубазабе бацІад гьабураб ва хъурараб грекаазул цІулакьогун, хачараб гІечгун, кишмишгун, лимоналъул сокгун, гьоцІогун, бананалъул ва апельсиналъул кускулгун.. Гъорлъе базе бегьула бацІад гьабураб хъабхъил семечка, пурчІун, микьир, хачараб ламадур. ТІаде тІе гьаличІеб рахь.

Гьеб ккола гІемерал витаминал ва микроэлементал ругеб блюдо, гьелъ шлаказдаса бацІад гьабула организм, чорхолъе бачІуна рухІ-жан, хІалтІизе къуват. «Берцинлъиялъул салат» гуребги радал кваназе лъикІаб буго бугІадул, пшеноялъул, пуладул ва цогидалги бокьараб тІаса бищун кашаби. Аслияб жо гьеб гьабун букІине ккола гІицІаб лъеда. Киналго кашаз организм шлаказдаса бацІад гьабула.

ТІулае лъикІаб букІуна цІиял пихъазул рахъарал сокал, хасго гІечул ва ламадуралъул. Почкаби рацІад гьарула рахь гъорлъе тІун чай гьекъани. Гьединаб чаялда цадахъ лъикІаб букІуна огобалъул чед, сливочнияб нахги бахун кванaзе. БацІадаб нахулъ букІуна витамин А, Д, амма къойида жаниб гьелъул гІицІго 20 гр. хІалтІизабуни лъикІаб буго. Радал лъикІ гьечІого ратани, гьуин гьабураб чай гьекъе. Мозгалъе гьелъул бачІинахъего щола энергия ва чорхолъе бачІуна къуват.

Умумазул гІумроялдаса

# Бекьилъ батараб хазина

**(ЦІетІендерица бекьдерилгун вацлъи рагІизаби ва инкІкІвадерилгун гьоркьоблъи цІуниялъул хІакъалъулъ кагъат. ХІамзатилги Шамилилги замана бачІиналде цебесеб мех – І44І сон)**

-ЧІахІиял, бутІрул, дибир ва киналго цІетІендерил жамагІаталъул, хІарамалъул ракьалде хІеж гьабурав ХІассанил ва гьесул вас ГьитІинав МухІамадил рахъалдасан. Нижер бищун хІурматиял вацазде, хІурматиял мадугьалзабазде, чІахІиял БутІрузде, ритІухъал гІадамазде, лъикІ хьвадулезде, гІалимзабазде, гІолохъабазде, дибирасде ва кинабго бекьдерил жамагІаталде. Киналго квешлъабаздаса цІунаги нуж Аллагьас. Нижехъе бачІана нужеца битІараб кагъат. Гьениб бугеб жоги бичІчІана байбихьудаса ахиралде щвезегІан.



Нижеца инкІк1вадерил бихьиназулгун мушавараги гьабуна, гьелгун кІалъана гьел нужер масъалабазда хурхараб суалалъе. Гьезухъан гьеб гьариялда рекъон жавабги щвечІо, аралищ яги инчІищали лъаларо. Нужеца дагьаб заманаялъ сабру гьабе, цо анкьго къоялъгІаги. Цинги гьез гьабуни, гьеб жо гьаризе Унсоколоре аян абураб жо гьабизе гьел ани, гьедин букІина. ИнчІони… гьезул боцІи-малги нужее кьола. Нижеца нижерго тункІалги росула. Нижеца абураб жо гьез гьабичІони – гІайиб гьезде бортула. Нижеца нужее лъикІаса гьабулеб буго иш, нужерги гьезулги гьудуллъи-гІагарлъиялъе гІоло, гьеб цІунун. Нижее бокьун гьечІо нужергун даимаб рокьи-хинлъи гуреб жо. Цинги нуж лъикІ ургъе нужер амруялъул ккезе бугеб хІасилалда тІад. Гьедин ургъани, талихІ кьела Аллагьас нужее!

**«Ахихъан» газеталъе таржама гьабуна Генуб росулъа ХІ. ГІабдурахІманица. 202І с. ЗулькъагІида моцІ.**

**РЕДАКЦИЯЛЪУЛ РАХЪАЛДАСАН**

Бихьулеб букІахъе кІиябго росдал цо щиб сабаблъунали кьал кколеб жо лъугьун букІараблъи бичІчІулеб буго кагъаталдасан. Гьеб битІизабиялъе хъвараб, сабруялде жамагІат ахІараб гьеб кагъаталъ бан буго 580 сон.

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru 398940

Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 23. 6. 2021 г. 17.50 фактически -18. 30 мин.

Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 988 экз.